



ASESMEN SUMATIF
AKHIR JENJANG SEKOLAH DASAR
KABUPATEN GUNUNGKIDUL
TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Hari/Tanggal : Rabu, 15 Mei 2023
Waktu : 09.30 – 11.00

PEMERINTAH KABUPATEN GUNUNGKIDUL
DINAS PENDIDIKAN

Wacanen kanthi patitis!

Museum Monumen Pahlawan Pancasila

Museum Monumen Pahlawan Pancasila mapan ing Kentungan, Condongcatur, Sleman. Museum dibangun ing papan kedadeane prastawa sedane pahlawan revolusi Brigjen TNI Anumerta Katamso lan Kolonel Anumerta Sugiyono kang pinerjaya dening PKI. Dununge 1,5 km mengetan saka Museum Yogya Kembali. Saka prapatan Ring Road apotek Kentungan Jalan Kaliurang ngetan wetara 200 meter.

Bangunan Museum Monumen Pahlawan Pancasila kanthi arsitektur omah joglo. Sajrone joglo ana luwangan loro kang kanggo ngubur Kolonel Katamso lan Letnan Kolonel Sugiyono. Sakidul luwangan ana

patung Garuda Pancasila tiga dimensi. Ing iring lor ana patung Brigjen TNI Anumerta Sugiyono marep ngalor.

Koleksi ing Museum Monumen Pahlawan Pancasila wujud relief. Relief kasebut ana ing pager kang ngubengi joglo. Gunggung relief ana 8 kang nggambarake prastawa nalika tanggal 1 Oktober 1965. Prastawa mau wiwit nalikane Kolonel Katamso lan Letnan Kolonel Sugiyono diculik nganti prastawa pemakaman jenazah.

(Kapethik saking buku Sinau Basa Jawa Kelas VI SD)

Wenehana tandha ping (x) huruf a, b, c utawa d jawaban sing paling bener ana ing lembar jawab!

Kanggo soal nomer 1-5 garapen manut wacan ing dhuwur!

1. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku
 - a. Museum Yogya Kembali
 - b. Monumen Yogya Kembali
 - c. Museum Pahlawan Pancasila
 - d. Museum Monumen Pahlawan Pancasila
2. Museum Monumen Pahlawan Pancasila dumunung ing ...
 - a. 1,5 km mengalor saka Museum Yogya Kembali
 - b. 1,5 km mengulon saka Museum Yogya Kembali
 - c. Saka prapatan Ring Road apotek Kentungan Jalan Kaliurang ngidul wetara 200 meter
 - d. Saka prapatan Ring Road apotek Kentungan Jalan Kaliurang ngetan wetara 200 meter
3. Konstruksi bangunan Museum Monumen Pahlawan Pancasila kanthi arsitektur omah joglo. Pratelan kang trep karo wacan ing dhuwur
 - a. Sakkulon luwangan ana patung Garuda Pancasila tiga dimensi
 - b. Sakwetan luwangan ana patung Garuda Pancasila tiga dimensi
 - c. Ing iring lor ana patung Brigjen TNI Anumerta Sugiyono marep ngalor
 - d. Ing iring lor ana patung Brigjen TNI Anumerta Sugiyono marep ngidul
4. Museum Monumen Pahlawan Pancasila dibangun ing papan kadadean prastawa sedane pahlawan ... kang diperjaya dening PKI.
 - a. Brigjen TNI Anumerta Katamso lan Kolonel Anumerta Sugiyono
 - b. Brigjen TNI Anumerta Sugiyono lan Kolonel Anumerta Katamso
 - c. Brigjen TNI Anumerta Katamso lan Kolonel Anumerta Ahmadyani
 - d. Brigjen TNI Anumerta Ahmadyani lan Kolonel Anumerta Sugiyono
5. Koleksi ing Museum Monumen Pahlawan Pancasila wujud relief kang gunggung ana 8 kang nggambarake
 - a. prastawa nalika pemakaman jenazah
 - b. prastawa nalika tanggal 1 Oktober 1965
 - c. pemakaman Kolonel Katamso lan Letnan Kolonel Sugiyono.
 - d. prastawa nalika Kolonel Katamso lan Letnan Kolonel Sugiyono diculik
6. Jenise tembang iku werna-werna. Tembang Kinanthi kalebu jenise tembang...
 - a. dolanan

- b. macapat
- c. tengahan
- d. gedhe

Gatekna tembang Kinanthi ngisor iki, kanggo njawab soal nomer 7 lan 8

Kinanthi Mangu

Kang aran bebuden luhur

Dudu pangkat dudu ngelmi

Uga dudu kapinteran

Lan dudu para winasis

Apa maneh kasugihan

Nanging mung sucining ati

7. Tembang Kinanthi ing dhuwur kadadean saka ... gatra
 - a. 4 (papat)
 - b. 5 (lima)
 - c. 6 (enem)
 - d. 7 (pitu)
8. Guru wilangan lan guru lagu ana ing gatra kaping papat tembang Kinanthi ing dhuwur yaiku
 - a. 8 a
 - b. 8 i
 - c. 8 u
 - d. 8 o

9. Gatekna parikan ngisor iki!

Pait menika raos jamu,

menawi manis raos gendhis.

sintena remen maos buku

....

Bacutane parikan ing dhuwur yaiku

- a. dadi murid sing taberi
 - b. pengin pinter ayo sinau
 - c. sapa sregep mesthi wasis
 - d. luber ngelmu lan ugi wasis
10. Maca geguritan iku beda karo maca crita. Maca geguritan iku becike nganggo paugeran 3 w, yaiku: wiraga, wirasa lan wirama.
Sing diarani wiraga yaiku
 - a. pasuryane nalika maca geguritan
 - b. obahing awake nalika maca geguritan
 - c. olah swara antarane intonasi, cetha swara lan pangucap

- d. olah rasa antarane rasa bungah, susah ora digebyah uyah

11. Gatekna geguritan ngior iki!

Banjir Bandhang

Wus pira donya brana sing kendhang

Wus pira nyawa-nyawa sing sirna

Durung sing kekitrang nyingkiri bebaya

saka krodhane banjir bandhang

...

Tembung *kekitrang* ana ing geguritan dhuwur pada tegese kara tembung

- a. kentir
 - b. cilaka
 - c. sengsara
 - d. bingung
12. Angin puting beliung umume ing wayah sore, tandha-tandhane ing wayah awan ana mega putih kanthi arah munggah. Mega mau banjur dadi mendhung ireng nggameng dikantheni angin. Hawane krasa panas lan sumpeg. Saya suwe angin saya banter lan ana udan deres utawa udan es. Mula, yen nemoni tandha-tandha mengkono kudu waspada lan ngati-ati, paribasane, “pupur sadurunge benjut”. Tegesi paribasan “pupur sadurunge benjut” yaiku
- a. ngati-ati sadurunge ketaman
 - b. golek wektu kang prayoga
 - c. luput saka bebaya
 - d. tanpa ana pawarta
13. Paribasan ngisor iki kang tegese nampa kacilakan ing papan kang ora kanyana-nyana, yaiku
- a. Kesandhung ing rata kabentuk ing tawang
 - b. Kendhit mimang kadang dewa
 - c. Kakean gludhug kurang udan
 - d. Kulak warta adol prungan
14. Wong kang kepingin cukup uripe ora kena mung nggegem tangan wae. Tembung nggegem tangan tegese
- a. trampil nyambut gawe
 - b. sregep nyambut gawe
 - c. pinter nyambut gawe
 - d. kesed nyambut gawe
15. Siti melu lomba macapat ing sekolahan. Siti sinau lan latihan mumpeng supaya menang. Siti menang lan oleh juara siji. Siti pancen bocah kang ora gampang pasrah. Tembung *entar* kang tegese ora gampang pasrah yaiku
- a. panas atine
 - b. gedhe tekade
 - c. sugih omong

d. entheng sanggane

16. Upacara adat nalika bayi ing kandhungan umur pitung sasi diarani

- a. Tingkeban
- b. Brokohan
- c. Selapanan
- d. Tedhak siti

17. Upacara adat iku werna-werna. Salah sijine yaiku upacara Ruwatan, yaiku upacara kanggo

- a. ngluwari bocah sukerta
- b. ngresiki desa sawise panen
- c. bocah arep mudhun ing lemah
- d. slametan bubar mayit dimakamake

18. Gatekna busana adat ing ngisor iki!

- (1) surjan
- (2) kebaya
- (3) gelungan
- (4) timang
- (5) selop

Kang kalebu busana adat wong wadon gagrag Ngayogyakarta yaiku

- a. (1), (2), (3)
- b. (1), (4), (5)
- c. (2), (3), (5)
- d. (2), (4), (5)

19. Gatekna gambar gamelan ngisor iki.

Perangan gamelan kang aran bonang yaiku

- a. 
- b. 
- c. 

d.



20. Gatekna gambar wayang ngisor iki!



Gambar wayang ing dhuwur asmane

- a. Trijata
- b. Srikandhi
- c. Dewi Shinta
- d. Dewi Kekayi

21. Perang Baratayuda iku perang antarane

- a. Pandhawa mungsuh Kurawa
- b. Pandhawa mungsuh Amarta
- c. Kurawa mungsuh Amarta
- d. Kurawa mungsuh Astina

22. Gatekna tokoh wayang ngisor iki!

- (1) Yudhistira
- (2) Dasamuka
- (3) Arjuna
- (4) Duryudana
- (5) Kresna

Tokoh wayang sing ditata ing pakeliran sisih tengen diarani simpingan tengen yaiku wayang

- a. (1), (2), (3)
- b. (1), (3), (5)
- c. (2), (3), (4)
- d. (2), (4), (5)

23. Jeneng perang ana ing pewayangan iku warna-werna. Perang adu kekuatan diarani perang

- a. Brubuh
- b. Ranjapan
- c. Tandhing
- d. Baratayuda

24. Wayang dhudhahan yaiku wayang sing disimpen ing sajroning kothak lan kerep dilakokake dening dhalang. Sing kalebu wayang dhudhahan Raseksa yaiku
- Dursasana, Durmagati, Sengkuni
 - Cakil, Buta rambut Geni, Buta Terong
 - Limbuk, Cangik, Ampil-ampil
 - Anila, Anggada, Kapi Kingkin
25. Gatekna gambar ngisor iki!



Gambar wayang ing dhuwur gamane

- Panah Pasopati
 - Gada Rujakpala
 - Senjata Kuntawijaya
 - Serat Jamus Kalimasada
26. Pandhawa iku putrane Pandhudewanata.
Kang kalebu tokoh wayang Pandhawa yaiku
- Semar, Gareng, Petruk, Bagong
 - Dursasana, Durmuka, Duryudana, Durmagati
 - Karna, Krena, Werkudara, Antareja, Antasena
 - Puntadewa, Werkudara, Arjuna, Nakula, Sadewa
27. Gatekna gambar tanduran obat-obatan ngisor iki!



(1)



(2)



(3)



(4)

Gambar tanduran ing dhuwur kang bisa kanggo tamba lara maag, anti radang lan tamba lara kuning ...

- (1)
 - (2)
 - (3)
 - (4)
28. Gatekna jeneng tanduran ngisor iki!
- pace, kemukus, cabe, blimbing
 - godhong kates, godhong kelor, kemangi
 - remujung, kajibeling, tapak dara, cocor bebek

(4) jae, laos, kencur, kunir, temu lawak, temu ireng

Tanduran ing dhuwur sing kalebu bahan janganan pinangka sumber vitamin lan mineral kang nduweni kasiyat jamu

- a. (1)
- b. (2)
- c. (3)
- d. (4)

29. Perang Baratayuda suwene 18 dina, akeh satriya sing gugur ana sajroning perang. Perang Baratayuda mapan ana ing

- a. Indraprasta
- b. Hastinapura
- c. Tegal Kurusetra
- d. Kraton Gandhara

30. Bocah cilik ora doyan jamu godhogan amarga rasane pait

- a. nyethek
- b. njenjep
- c. njanges
- d. menthik

31. Adhiku ... toko buku arep tuku buku, kertas manila, ... pulpen.

Tembung ancer-ancer lan tembung pangiket kang trep kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku ...

- a. saka ; lan
- b. saka ; karo
- c. menyang ; lan
- d. menyang ; sarta

32. Aku ... unjukan kanggo Simbah.

Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. caoske
- b. nyaosake
- c. diparingi
- d. maringake

33. Aku dikongkon Bapak menehake surat ulem kanggo Pak Krama.

Basa kramane tembung dikongkon lan menehake ing ukara dhuwur yaiku

- a. dikengken ; nyaosake
- b. dikengken ; maringake
- c. didhawuhi ; nyaosake
- d. didhawuhi ; maringake

34. Ibu menyang pasar arep tuku gula pasir.

Ukara ing dhuwur basa kramane

- a. Ibu dhateng pasar badhe tumbas gula pasir
- b. Ibu dhateng peken badhe tumbas gula pasir
- c. Ibu tindak peken badhe tumbas gendhis pasir
- d. Ibu tindak peken badhe mundhut gendhis pasir

35. Wong sabar, jujur lan tumindake becik uripe bakal

Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku



- a. andhap asor
- b. guyup rukun
- c. kaje karingan
- d. bagus waras

36. Tembung **kretag bubrah** menawa ditulis nganggo aksara Jawa

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 

37. Bapak nembe ngunjuk kopi.

Ukara ing dhuwur menawa ditulis nganggo aksara Jawa

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 

38. Gatekna tulisan Jawa ngisor iki!



Ukara ing dhuwur diwaca

- a. Sartini toko klambi
- b. Sartini nganggo klambi
- c. Sartini lagi toko klambi
- d. Sartini lagi ngumbah klambi

39. Gatekna ukara kang ditulis nganggo aksara Jawa ing ngisor iki!

பாஷ்டுபுஷ்புஸுபு

Tulisan Jawa ing dhuwur diwaca

- Pak Badri tumbas kopyah
- Pak Badri mundhut kopyah
- Pak Badri ngagem kopyah
- Pak Badri nganggo kopyah

40. Prasetya toko klambi anyar.

Ukara ing dhuwur menawa ditulis nganggo aksara Jawa

- a. ပြင်ပဗျူဟာအကူအညီမပါဘဲ